

Gid pou Paran pou Pwosesis Admisyon, Revizyon, ak Revokasyon

Janvye 2025



THE TEXAS LEGAL FRAMEWORK
for the Child-Centered Special Education Process

FW.ESCAPP.NET

TEA
Texas Education Agency

TEA.TEXAS.GOV/TEXASSPED

SPEDTEX
Special Education Information Center

SPEDTEX.ORG

Lis sijè

Entwodiksyon	2
GID POU PARAN YO SOU PWOSESIS ADMISYON, REVIZYON AK REVOKASYON.....	3
Entèvansyon bonè pou timoun piti	3
Sèvis pou timoun ki gen ant twa ak senkan (anvan yo antre nan kindègadenn).....	3
Èd pou Timoun ki gen Laj pou Lekòl	3
Sistèm Sipò Plizyè Nivo, Ki Gen Ladan Repons ak Entèvansyon	4
Rekòmandasyon pou yon premye evalyasyon.....	4
Avi ekri alavans.....	5
Konsantman paran	5
Pwosedè evalyasyon.....	6
Reyinyon Komite Admisyon, Revizyon, ak Revokasyon (ARD)	7
Kalifikasyon	8
Devlopman pwogram rdikasyon pèsonalize a (IEP)	9
Nivo aktyèl siksè akademik ak pèfòmans fonksyonèl	10
Objektif anyèl yo	10
Edikasyon espesyal, ski gen rapò ak edikasyon an, ansanm ak èd ak sèvis siplemantè	11
Evalyasyon Eta	11
Tranzisyon	11
Elèv adilt.....	13
Timoun ki genotis	13
Timoun ki soud oswa ki gen pwoblèm pou tande.....	13
Plan Amelyorasyon konpòtman oswa entèvansyon (BIP)	14
Sèvis pou ane lekòl pwolonje (ESY)	14
Plasman	15
Desizyon Komite ARD a.....	15
Kopi IEP a.....	15
Revizyon IEP a.....	16
Re-evalyasyon.....	17
Evalyasyon edikatif endepandan (IEE).....	17
Revokasyon konsantman pou sèvis yo	18
Gradyasyon.....	18
Disiplin	19
Odyans pwosesis regilye akselere	21
Rezoud konfli.....	21
Asistans anplis	21

Copyright © 2025. Ajans Edikasyon Tekzas. Tout dwa rezève.

Entwodiksyon

Ajans Edikasyon Tekzas la (**TEA**) te devlope gid sa a an repons ak egzijans ki nan Kòd Edikasyon Tekzas §26.0081 an. Gid sa a fèt pou ba ou, antanke paran yon timoun ki kalifye oswa ki ka kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li, yon pi bon konpreyansyon sou pwosesis edikasyon espesyal la ak dwa ak responsablite ou gen nan kesyon pwosedi pou w ka patisipe nèt nan pwosesis pran desizyon konsènan edikasyon pitit ou a.

Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape an 2004 (**IDEA**) se lwa federal ki gouvènè pwosesis edikasyon espesyal la. Youn nan prensipal objektif IDEA a se pou asire timoun ki andikape yo gen aksè ak yon edikasyon piblik gratis ki apwopriye (**FAPE**) ki mete aksan sou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak sa ki fèt pou satisfè bezwen inik yo epi prepare yo pou plis edikasyon, travay, ak lavi endepandan. *Edikasyon espesyal* vle di ansèyman ki fèt espesyalman pou satisfè bezwen inik yon timoun ki andikape. *Sèvis ki gen rapò* se sèvis espesyal ki nesèse pou sipòte edikasyon espesyal elèv yo pou yo ka fè pwogrès pou atenn objektif akademik ak fonksyonèl yo. Sèvis ki gen rapò ak sa yo ka gen ladan yo sèvis tankou ègoterapi, fizyoterapi, terapi lapawòl ak langaj, sèvis konsèy, sèvis oryantasyon ak mobilite, ak/oswa sèvis transpò.

Selon IDEA a, patisipasyon paran yo enpòtan nan chak etap pwosesis edikasyon espesyal la. Gid sa a dekri plizyè aktivite ki ka fèt pandan pwosesis sa a. Pou ede ou pi byen konprann dwa legal ou dapre lwa IDEA a, lekòl la oblije ba ou yon kopi yon dokiman yo rele *Avi sou Pwoteksyon Pwosedi* yo ([Lyen: fw.escapps.net](http://fw.escapps.net)) nan kèk moman nan pwosesis edikasyon espesyal la. Yo dwe ba ou dokiman an omwen yon fwa pa ane epi lè nenpòt nan sikonsans sa yo rive:

- Lè yo fin refere w oswa lè w mande yon premye evalyasyon pou pitit ou a;
- Lè yo resevwa premye plent eta a nan yon ane lekòl;
- Lè yo resevwa premye demann pou yon odyans pou pwosesis legal nan yon ane lekòl;
- Nan jou yo pran yon desizyon pou fè yon chanjman plasman disiplinè; epi
- Lè w mande li.

Lekòl la oblije ba ou tou yon dokiman yo rele fòmilè *Apèsi sou Edikasyon Espesyal pou Paran* yo TEA a kreye, yo ba ou dokiman sa a lè yo refere pitit ou a pou yon evalyasyon edikasyon espesyal nan kòmansman.

Nan Texas, se yon komite admisyon, revizyon ak ranvwa (**ARD**) ki pran kalifikasyon yon timoun pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li, epi pifò gwo desizyon konsènan pwogram edikasyon espesyal yon timoun. Ou ka tandè yo rele gwoup sa a tou yon ekip pwogram edikasyon endividyèl (**IEP**), ki se tèm yo itilize nan lwa federal la. Si yo fòme yon komite ARD pou pitit ou a, w ap yon manm nan komite sa a.

Y ap mete gid sa a ajou detanzantan lè gen chanjman nan egzijans edikasyon espesyal federal ak eta yo. Yon vèsyon elektwonik ou ka enprime disponib sou paj wèb Sant Sèvis Edikasyon Rejyon 18 la nan Kad Legal Pwosesis pou Edikasyon Espesyal ki Santre sou Timoun nan sou ([Link: fw.escapps.net](http://fw.escapps.net)).

Gen anpil dat ak delè nan pwosesis edikasyon espesyal la. Nan piblikasyon sa a, yo dekri dat ak delè enpòtan sa yo. Anplis de sa, gen yon dokiman akonpayman ki disponib sou Entènèt pou reponn kesyon sou delè pou yon evalyasyon edikasyon espesyal. *Delè Premye Evalyasyon Konplè ak Endividyèl pou Edikasyon Espesyal (FIIE)* la disponib sou lyen sa a ([Lyen: https://bit.ly/3V5feWG](https://bit.ly/3V5feWG)).

GID POU PARAN YO SOU PWOSIS ADMISYON, REVIZYON AK REVOKASYON

Entèvansyon bonè pou timoun piti

Gen èd disponib pou fanmi ki gen ti bebe ak timoun piti ki gen reta devlopman. Ajans ki bay sèvis entèvansyon bonè sa yo nan Tegzas se Komisyon Sante ak Sèvis Sosyal Teksas la. Pwogram pou tout timoun piti yo se pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti (ECI). Sèvis sa yo se pou timoun ki poko gen twazan.

Lè timoun ki andikape yo gen twazan, yo ka vin kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak pwogram sa a. Si se sa, distri lekòl timoun nan responsab pou asire FAPE disponib pou timoun nan anvan li gen twazan. Se pa tout timoun ki resevwa sèvis ECI ki kalifye pou sèvis yon lekòl piblik. Se poutèt sa, omwen 90 jou sivil anvan yon timoun piti k ap resevwa sèvis ECI gen twazan, y ap pwograme yon reyinyon pou ede fanmi an fè tranzisyon soti nan sèvis ECI pou ale nan edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò avè l, si sa apwopriye. Si timoun nan kalifye, edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak sa yo dwe disponib pou li lè li gen twazan. *Beyond ECI* se yon piblikasyon ki gen enfòmasyon sou tranzisyon soti nan pwogram pou timoun piti rive nan edikasyon espesyal. Ou ka jwenn piblikasyon sa a, ki se *Beyond ECI* a, nan lyen sa a ([Lyen: bit.ly/35G7y3E](https://bit.ly/35G7y3E)).

Timoun depi nesans jiska 3 zan ki kalifye kòm soud oswa ki gen pwoblèm pou tandè oswa kòm timoun ki gen yon andikap nan je gen dwa resevwa sèvis edikasyon ECI ak sèvis edikasyon espesyal nan yon lekòl piblik. Sèvis edikasyon espesyal yon lekòl piblik konplete epi travay ansanm ak sèvis ECI pou timoun sa yo.

Sèvis pou timoun ki gen ant twa ak senkan (anvan yo antre nan kindègadenn)

Gen èd disponib tou pou timoun ki kalifye ki gen laj ant twa ak senk lane, epi sèvis sa yo rele sèvis edikasyon espesyal pou timoun piti (ECSE). Gen kèk nan timoun sa yo ki kòmanse resevwa sèvis lè yo gen twazan lè y ap kite sèvis ECI yo jan sa mansyone pi wo a. Men, gen lòt moun yo evalye epi idantifye yo pwa mwayen lòt moun, tankou demann paran yo lè yo gen enkyetid sou aprantisaj ak devlopman pitit yo. Yo bay sèvis ECSE nan diferan kote, ak nan sitiyasyon limite, kèk timoun gen dwa enskri an menm tan nan yon lekòl prive ak yon lekòl piblik lè yo gen twazan ak katran.

Èd pou Timoun ki gen Laj pou Lekòl

Si w gen enkyetid konsènan aprantisaj oswa konpòtman pitit ou a ki gen laj (omwen 5 an oswa antre nan kindègadenn si li poko gen 5 an) laj pou lekòl, premye etap la se pale ak pwofesè pitit ou a oswa direktè lekòl la sou enkyetid ou yo. Si etap sa a pa reyisi, ou ta dwe mande pèsònèl lekòl la pou yo refere w bay ekip sipò pou elèv ki sou kanpis la, ki se yon ekip pwofesè ak lòt pèsònèl ki reyini regilyèman pou abòde nenpòt pwoblèm aprantisaj oswa konpòtman timoun yo genyen.

Elèv ki gen difikilte nan klas ki bayedikasyon jeneral ta dwe konsidere an premye pou tout entèvansyon ak sèvis sipòoswa voye yo fè yon evalyasyon edikasyon espesyal dapre lwa IDEA olye yo resevwa entèvansyon ak sèvis sipò. Lekòl la dwe refere elèv la pou yon evalyasyon endividyèl konplè ak yon premye evalyasyon anba IDEA nan ka sa yo: Si yon elèv kontinye gen pwoblèm nan klas ki bay edikasyon jeneral ak dispozisyon entèvansyon ak sèvis sipò yo, oswa si bezwen elèv la pa ka adrese sèlman atravè dispozisyon entèvansyon ak sèvis sipò sa yo, oswa nenpòt lè lekòl la sispèk oswa gen rezon pou sispèk yon andikap ak posib bezwen pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ki gen rapò ak edikasyon espesyal la. Yon elèv pa oblije resevwa entèvansyon ak sèvis sipò pou yon kantite tan spesifik anvan yo fè yon rekòmandasyon pou yon evalyasyon endividyèl konplè ak yon premye

evalyasyon. Yon rekòmandasyon oswa yon demann pou yon evalyasyon endividyèl ak yon premye evalyasyon konplè ka fèt nenpòt lè pa mwayen pèsònèl lekòl la, paran oswa responsab legal elèv la, oswa yon lòt moun ki enplike nan edikasyon oswa swen yon elèv.

Sistèm Sipò Plizyè Nivo, Ki Gen Ladan Repons ak Entèkansyon

Chak lekòl dwe opere yon sistèm sipò plizyè nivo (**MTSS**) konsènan entèkansyon ak sèvis sipò, ki gen ladan sipò akademik ak sipò ki pa akademik, tankou sipò konpòtman. Repons ak Entèkansyon (**Rtl**) se yon apwòch anpil lekòl itilize nan MTSS yo. Eleman debaz yon apwòch Rtl se: dispozisyon enstriksyon ak entèkansyon syantifik ki baze sou rechèch nan klas ki bay edikasyon jeneral; siveyans ak mezi pwogrè timoun nan an repons ak entèkansyon yo; epi itilizasyon mezi pwogrè sa yo pou pran desizyon edikatif.

Apwòch Rtl a, kòm yon pati nan MTSS la, se kote chak nivo oswa etap reprezante yon nivo entèkansyon ki pi wo. Y ap kontinye ajiste entèkansyon yo pou yon timoun selon siveyans pwogrè a jiskaske timoun nan ap pwogrese byen. Timoun ki pa reyaji ak premye entèkansyon yo nan yon tan rezonab, jan rechèch sijere a, yo refere pou entèkansyon ki pi wo. Souvan, lekòl ou a ap gen ase done aprè sis semèn entèkansyon pou pran desizyon sou pwochen etap yo (pa egzanp, kontinye entèkansyon an, entansifye entèkansyon an, refere pou evalyasyon). Delè pou pran desizyon an depan de frekans/dire entèkansyon an ak konpetans yo vize a.

Yon timoun pa bezwen avanse nan chak nivo sistèm Rtl a anvan yo fè yon rekòmandasyon pou edikasyon espesyal. Lè li parèt klè entèkansyon edikasyon jeneral yo pa sifi, pèsònèl lekòl la dwe sispèk timoun nan gen yon andikap epi yo dwe kòmanse yon oryantasyon pou timoun nan. Pou detèmine si entèkansyon edikasyon jeneral yo sifi li enpòtan pou egzamine istorik entèkansyon yo ak done suivi pwogrè elèv la (To pousantaj aktyèl pwogrè a ak mouvman ki fèt pou redui diferans nan nivo reyisit yo.). Paran yo kapab mande yon referans nenpòt lè tou, kit timoun nan ap resevwa entèkansyon atravè yon sistèm Rtl oswa l pa resevwa l. Yo pa ka itilize estrateji Rtl pou retade oswa refize yon evalyasyon alè pou yon timoun yo sispèk ki gen yon andikap dapre lwa IDEA. Pou plis enfòmasyon sou pwosesis Rtl a ([Lyen: bit.ly/3nDMTDu](https://bit.ly/3nDMTDu)).

Rekòmandasyon pou yon premye evalyasyon

Yon lekòl gen yon dwe mande w konsantman w epi fè yon premye evalyasyon pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li, nenpòt lè li sispèk pitit ou a gen yon andikap epi li bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li anba IDEA. Ou kapab tou mande yon premye evalyasyon pou pitit ou a nenpòt lè.

Si ou fè yon demann alekri bay direktè sèvis edikasyon espesyal yon ajans edikasyon lokal (**LEA**) oswa bay yon anplwaye administratif distri a, tankou yon direktè lekòl, pou yon premye evalyasyon pou kalifikasyon pou edikasyon espesyal, lekòl la dwe, pa pita pase 15yèm jou lekòl apre dat lekòl la resevwa demann lan, ba ou swa: 1) yon avi alekri alavans sou pwopozisyon li pou fè yon evalyasyon, yon kopi *Avi sou Pwoteksyon Pwosedi yo* ([Lyen: fw.escapps.net](https://fw.escapps.net)), yon kopi *Apèsi sou Edikasyon Espesyal pou Paran yo* TEA a te kreye a, ak opòtinite pou bay konsantman alekri pou evalyasyon an; oubyen 2) yon avi alekri alavans sou refi li pou evalye pitit ou a, yon kopi *Avi sou Pwoteksyon Pwosedi yo* ([Link: fw.escapps.net](https://fw.escapps.net)), ak yon kopi fòm *Apèsi sou Edikasyon Espesyal pou Paran yo* TEA a te kreye a. Lè yon lekòl fè yon demann pou yon evalyasyon, lekòl la dwe ba ou enfòmasyon sa a tou.

Tanpri sonje yon demann pou yon evalyasyon edikasyon espesyal ka fèt nan pale epi li pa oblije fèt alekri. Distri yo ak lekòl endepandan yo dwe toujou respekte tout egzijans avi federal yo ak egzijans pou idantifye, lokalize, ak evalye timoun yo sispèk ki se yon timoun ki gen yon andikap epi ki bezwen edikasyon espesyal. Pa gen yon delè espesifik pou reponn demann vèbal, men yo ankouraje lekòl yo pou yo suiv menm delè 15 jou lekòl ki dekri pi wo a.

Avi ekri alavans

Youn nan dwa ou genyen selon IDEA a se pou resevwa yon avi alekri alavans sou kèk aksyon oswa inakasyon konsènan pitit ou a nan yon tan rezonab anvan lekòl la pran mezi a oswa refize pran mezi a. Espesyalman, yon lekòl dwe ba ou yon avi alekri alavans nan lang matènèl ou oswa nan yon lòt mwayen komunikasyon lè li:

- Pwopoze pou inisye oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, pwogram edikatif, oswa plasman edikatif pitit ou a oswa dispozisyon yon FAPE pou pitit ou a (ki gen ladan yon chanjman ki fèt paske ou pa vle pou yo kontinye ak edikasyon espesyal la ak sèvis ki gen rapò ak edikasyon an); oswa
- Refize inisye oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, pwogram edikatif, oswa plasman edikatif pitit ou a oswa dispozisyon yon FAPE pou pitit ou a.

Fòk ou bay yon avi alekri omwen senk jou lekòl anvan mezi lekòl la pwopoze oswa refize pran, sof si ou dakò ak yon delè ki pi kout. Lekòl la dwe ba ou yon avi alekri alavans kit ou te dakò oswa ou te mande chanjman an.

Yon avi ekri alavans dwe gen ladan enfòmasyon sa yo:

- (1) Yon deskripsyon aksyon lekòl la pwopoze oswa refize a;
- (2) Yon eksplikasyon sou poukisa lekòl la pwopoze oswa refize pran mezi a;
- (3) Yon deskripsyon chak pwosedi evalyasyon, egzamen, dosye, oswa rapò lekòl la te itilize kòm baz pou mezi yo pwopoze a oswa refize a;
- (4) Yon deklarasyon ki di paran yon timoun ki andikape gen pwoteksyon selon garanti pwosedi pati sa a epi, si avi sa a pa yon premye referans pou evalyasyon, mwayen pou jwenn yon kopi deskripsyon garanti pwosedi yo;
- (5) Sous pou paran yo kontakte pou jwenn asistans pou konprann egzijans edikasyon espesyal yo;
- (6) Yon deskripsyon lòt opsyon komite ARD a te konsidere ak rezon ki fè yo te rejte opsyon sa yo; epi
- (7) Yon deskripsyon lòt faktè ki gen rapò ak pwopozisyon oswa refi lekòl la.

Konsantman paran

Gen kèk aktivite nan pwosesis edikasyon espesyal la ki pa ka fèt sof si lekòl la jwenn konsantman ou. Lekòl la dwe ba ou tout enfòmasyon ou bezwen pou kapab pran yon bon desizyon, tankou yon deskripsyon aktivite yo pwopoze a.

Enfòmasyon an dwe nan lang manman w oswa nan yon lòt mwayen kominikasyon, sof si li klèman pa posib pou bay enfòmasyon an nan fason sa a. Si gen dosye pou bay, lekòl la dwe fè yon lis dosye yo epi bay ki moun y ap bay yo.

Lè ou bay konsantman, sa vle di ou konprann epi ou dakò alekri pou lekòl la fè aktivite y ap chèche konsantman w pou li a. Li enpòtan pou ou konprann konsantman volontè epi ou ka anile li nenpòt lè anvan aktivite a fèt. Men, si ou anile konsantman ou pou yon aktivite, desizyon sa a pa konsène sa ki te deja fèt anvan an.

Men kèk egzanp aktivite ki bezwen konsantman ou:

- Evalye pitit ou a pou premye fwa;
- Yon re-evalyasyon pitit ou a yon fwa chak twazan, oubyen yon re-evalyasyon pi souvan si yo bezwen plis enfòmasyon, epi ou menm oswa pwofesè pitit ou a mande yon re-evalyasyon;
- Bay edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak sa pou premye fwa;
- Eskize yon manm komite ARD pou l pa patisipe nan yon reyinyon komite ARD lè reyinyon an enplike yon modifikasyon oswa yon diskisyon sou domèn kourikoulòm manm lan oswa sèvis ki gen rapò avè l; epi
- Envite yon reprezantan nenpòt ajans patisipan ki gen chans pou responsab pou bay oswa peye pou sèvis tranzisyon segondè yo.

Pwosedi evalyasyon

Si ou bay konsantman ou pou yon evalyasyon konplè ak endividyèl (**FIIE**), lekòl la dwe bay yon avi alekri alavans sou nenpòt pwosedi evalyasyon lekòl la pral fè. Lekòl la dwe itilize plizyè zouti ak strateji evalyasyon pou rasanble enfòmasyon fonksyonèl, devlopman ak akademik ki enpòtan sou pitit ou a, sa gen ladana l enfòmasyon ou bay yo. Lekòl pitit ou a pa ka itilize okenn mezi oswa evalyasyon kòm sèl kritè pou detèmine si pitit ou a se yon timoun ki andikap epi pou detèmine yon pwogram edikatif ki apwopriye pou pitit ou a. Lekòl ou a dwe fè yon evalyasyon pitit ou a nan tout domèn ki gen rapò ak andikap yo sispèk la pou detèmine si pitit ou a gen yon andikap epi pou detèmine bezwen edikatif li yo. Pwosesis evalyasyon pou pitit ou a dwe:

- Gen ladan l enfòmasyon sou pèfòmans akademik, devlopman ak fonksyonèl pitit ou a;
- Administre pa mwayen pèsònèl ki resevwa fòmasyon epi ki gen konesans, dapre enstriksyon moun ki pwodui tès la, epi admistre pou rezon evalyasyon yo valab epi fyab yo;
- Administre li nan lang matènèl pitit ou a oswa nan yon lòt mwayen kominikasyon sof si li klèman pa posib pou fè sa; epi
- San patipri oswa bay li yon fason pou pa fè diskriminasyon kont pitit ou a, kèlkeswa orijin kiltirèl li, ras li, oswa andikap li.

Pèsònèl ki resevwa fòmasyon epi ki gen konesans ki enplike nan yon evalyasyon ap varye selon andikap yo sispèk la. Si yo sispèk disleksi oswa yon twoub ki gen rapò ak li, yon moun ki gen konesans espesifik sou pwosesis lekti, disleksi ak twoub ki gen rapò ak li a, ansanm ak ansèyman sou disleksi ap patisipe nan evalyasyon an. Anplis de sa, evalyasyon an dwe gen ladan l domèn ki nesèsè nan Manyèl Disleksi Konsèy Edikasyon Eta Teksas la. [Lyen: https://bit.ly/3Z5uXrt](https://bit.ly/3Z5uXrt)) ak 19 Kòd Administratif Tegzas (TAC) §74.28 ([Lyen: https://bit.ly/3YQcWMe](https://bit.ly/3YQcWMe)).

Premye evalyasyon an ak rapò ki soti a dwe fini pa pita pase 45 jou lekòl apre dat lekòl la resevwa konsantman alekri ou a. Sepandan, si pitit ou a te absan lekòl twa jou lekòl oswa plis pandan peryòd evalyasyon an, peryòd evalyasyon an ap kontinye selonkantite jou lekòl ki egal a kantite jou lekòl pitit ou a te absan. Lekòl la dwe ba ou yon kopi rapò evalyasyon an gratis, pi vit posib apre li fin ranpli, men pa pita pase senk jou lekòl anvan premye reyinyon komite ARD pitit ou a pou detèmine si li kalifye.

Si pitit ou a gen mwens pase senkan nan dat 1ye septanm nan ane lekòl la epi li pa enskri nan yon lekòl piblik oswa si li enskri nan yon lekòl prive oubyen lakay kèlkeswa laj li, premye evalyasyon an ak rapò ki soti a dwe fini pa pita pase 45yèm jou lekòl apre dat lekòl la resevwa konsantman alekri ou a.

Gen yon eksepsyon nan delè 45 jou lekòl la. Si lekòl la resevwa konsantman w pou premye evalyasyon an nan 35 jou pou pi piti men mwens pase 45 jou lekòl anvan dènye jou enstriksyon ane lekòl la, rapò evalyasyon alekri a dwe ranpli epi remèt ou l anvan 30 jen ane sa a. Men, si pitit ou a absan lekòl pandan twa jou oswa plis pandan peryòd evalyasyon an, dat limit 30 jen an pa aplike ankò. Olye de sa, delè, jeneral 45 jou lekòl mete sou pwolongasyon pou absans twa jou oswa plis, pral aplike. Si lekòl la resevwa konsantman w mwens pase 35 jou lekòl anvan dènye jou nanane lekòl la, delè jeneral 45 jou lekòl la aplike, avèk menm pwolongasyon pou twa absans oswa plis pandan peryòd evalyasyon an.

Si ou pa bay konsantman ou pou premye evalyasyon an, lekòl la ka, men li pa oblije, pouswiv evalyasyon an lè li mande yon chita pale ak yon twazyèm pati oswa mande yon odyans dapre règleman legal yo. Si lekòl la deside pa pouswiv evalyasyon an, lekòl la pa vyole egzijans ki nan lwa IDEA a pou idantifye, lokalize epi evalye tout timoun ki andikape ki bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak edikasyon an. Yo rele egzijans sa a devwa pou *idantifye timoun ki gen andikap yo*.

Reyinyon Komite Admisyon, Revizyon, ak Revokasyon (ARD)

Nan espas trant jou sivil apati dat yo fin ranpli rapò premye evalyasyon an, yo dwe fòme yon komite ARD pou egzamine rapò a epi detèmine si pitit ou a kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak edikasyon an. Manm komite ARD yo gen moun sa yo ladan:

- Ou menm, paran an;
- Omwen yon pwofesè edikasyon jeneral pou timoun nan ki, lè sa posib, dwe yon pwofesè ki responsab pou aplike yon pòsyon nan IEP timoun nan;
- Omwen yon pwofesè edikasyon espesyal oswa yon moun k ap pranswen timoun nan;
- Yon reprezantan lekòl la;
- Yon moun ki ka entèprete jan rezilta evalyasyon an egzije pou anseye timoun nan;
- Lòt moun ki gen konesans oswa ekspètiz espesyal konsènantimoun nan, ou envite oswa lekòl la envite;
- Chak fwa sa apwopriye, timoun nan;
- Nan limit ki apwopriye, avèk konsantman alekri ou a oswa, apre pitit ou a gen 18 an, avèk konsantman alekri pitit ou a ki majè, yon reprezantan nenpòt ajans patisipan ki gen chans pou responsab pou bay oswa peye pou sèvis tranzisyon yo;
- Yon reprezantan ki soti nan edikasyon pwofesyonèl ak teknik, de preferans pwofesè a, si y ap konsidere timoun nan pou yon premye plasman oswa pou kontinye nan edikasyon karyè oswa teknik; epi
- Yon manm pèsònèl pwofesyonèl ki nan komite evalyasyon konpetans lang lan, si yo wè timoun nan ap aprann yon lòt lang epi li kòmanse pale l anplis de lang manman l lan.

Komite ARD a gen ladan l tou, si sa aplikab:

- Yon pwofesè ki sètifye nan edikasyon elèv ki soud oswa ki gen difikilte pou tande, si yo sispèk timoun nan soud oswa ki gen difikilte pou tande, oswa si yo dokimante li soud oswa ki gen difikilte pou tande;
- Yon pwofesè ki sètifye nan edikasyon elèv ki gen pwoblèm vizyon, si timoun nan gen yon pwoblèm vizyon sispèk oswa dokimante;
- Yon pwofesè ki sètifye nan edikasyon elèv ki gen pwoblèm vizyon ak yon pwofesè ki sètifye nan edikasyon elèv ki soud oswa ki gen pwoblèm pou tande, si yo sispèk oswa dokimante ke timoun nan soud-avèg; oubyen

- Yon pwofesyonèl ki satisfè egzijans TEC, §29.0031(b), ak 19 TAC §74.28, ki gen ladan Manyèl Disleksi a, si yo sispenk oswa idantifye elèv la gen disleksi.

Lekòl la dwe envite w nan chak reyinyon komite ARD pou pitit ou a epi fè efò pou asire patisipasyon youn oubyen toude paran yo. Yo dwe ba ou yon avi alekri pou reyinyon an omwen senk jou lekòl anvan reyinyon an, sof si ou dakò pou yon delè ki pi kout. Avi ekri a dwe gen ladan l objektif, lè, kote reyinyon an ap fèt, epi yon lis moun ki pral patisipe nan reyinyon an. Si ou pa pale anglè, lekòl la dwe ba ou avi a nan lang manman w sof si li vrèman pa posib pou fè sa. Si lang matènèl ou a pa yon lang ekri, lekòl la dwe pran mezi pou asire ke avi a tradui oralman oswa pa lòt mwayen pou ou ka konprann sa k nan avi a.

Reyinyon komite ARD a dwe fèt nan yon lè ak yon kote ki akseptab pou ou menm ak lekòl la. Si lè oswa dat lekòl la pwopoze a pa bon pou ou, lekòl la dwe fè efò rezonab pou jwenn yon lè ou kapab rankontre. Si ni youn ni lòt paran pa kapab patisipe nan reyinyon an, ou ka patisipe pa lòt mwayen tankou pa telefòn oswa pa videokonferans. Si lekòl la pa kapab konvenk ou pou w patisipe, lè sa a li ka fè reyinyon an san ou.

Yo ka mande yon manm komite ARD apou l pa patisipe nan yon pati oswa nan tout yon reyinyon komite ARD lè prezans moun nan pa nesèse paske domèn kourikoulòm moun nan oswa sèvis ki gen rapò ak li a pa modifiye oswa diskite nan reyinyon an. Ou dwe dakò ak demann nan alekri.

Yo kapab fè yon manm komite ARD a yon demann tou pou l pa patisipe nan yon reyinyon komite ARD lè reyinyon an gen ladan l yon modifikasyon oswa yon diskisyon sou domèn etid manm lan oswa sèvis ki gen rapò ak li, si ou menm ak lekòl la bay konsantman nou pou demann nan alekri epi moun k ap jwenn demann nan soumèt opinyon alekri sou devlopman IEP a anvan reyinyon an.

Kalifikasyon

Gen yon tès an de pati pou detèmine si pitit ou a kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak edikasyon an:

(1) pitit ou a dwe gen yon andikap ki kalifye selon lwa IDEA; epi (2) akòz andikap la, pitit ou a dwe bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò pou l ka benefisye edikasyon. Pou satisfè premye pati tès kalifikasyon an, ki gen de pati ladan l, yon timoun ki gen ant 3 ak 21 an, eksepte jan sa endike nan parantèz ki anba a, dwe ranpli kondisyon pou youn oubyen plizyè nan kategori andikap ki nan lis la:

- Otis;
- Moun ki soud oswa ki gen difikilte pou tande (depi nesans rive nan 21 an);
- Soud-avèg (depi nesans rive nan 21 an);
- Andikap emosyonèl;
- Andikap entelektyèl;
- Plizyè andikap;
- Timoun piti ki pa nan kategori (laj twa rive senk an)*;
- Reta devlopman (laj 3 a 9 an)**;
- Pwoblèm òtopedik;
- Lòt pwoblèm sante;
- Andikap aprantisaj espesifik;
- Pwoblèm lapawòl oswa langaj;
- Chòk nan sèvo; oubyen
- Pwoblèm vizyon (depi nesans rive 21 an).

*Yo pap itilize kategori timoun piti ki pa nan kategori a ankò apati ane lekòl 2025-2026 la.

**Ou ka kalifye pou yon reta devlopman apati ane lekòl 2024-2025 lan.

Komite ARD a dwe pran desizyon sou kalifikasyon an nan espas 30 jou sivil apati dat li fin ranpli rapò premye evalyasyon an. Si 30yèm jou a tonbe pandan ete a epi lekòl pa an sesyon, komite ARD a genyen jiska 15yèm jou lekòl nan otòn pou finalize desizyon konsènan detèminasyon kalifikasyon inisyal la, IEP a, ak plasman an sof si evalyasyon inisyal la endike ke timoun nan ap bezwen sèvis ane lekòl pwolonje (**ESY**) pandan ete sa a. Si timoun nan kalifye pou sèvis ESY, komite ARD a dwe reyini pi vit posib apre yo fin ranpli rapò evalyasyon an.

Se pa tout elèv ki gen difikilte ki kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò. Si pitit ou a ap lite prensipalman akòz yon mank enstriksyon apwopriye nan lekti oswa matematik oswa akòz lefèt ke pitit ou a limite nan lang anglè, yo pa dwe konsidere pitit ou a kòm yon timoun ki andikape selon lwa IDEA. Si evalyasyon an montre pitit ou a pa gen yon andikap, ekip sipò akademik ak konpòtmantal milti-nivo ki baze sou kanpis la ka rankontre epi rekòmande lòt sèvis oswa pwogram nan edikasyon jeneral pou ede pitit ou a.

Si evalyasyon an montre pitit ou a gen yon andikap, komite ARD a dwe adrese dezyèm pati tès kalifikasyon an de pati a lè li deside si pitit ou a bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li pou l ka patisipe epi fè pwogrè nan kourikoulòm edikasyon jeneral la (sa vle di, menm kourikoulòm ak pou timoun ki pa andikape yo).

Premye sèvis yo

Si pitit ou a kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li, lekòl la oblije bay pitit ou a FAPE nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an. Sa akonpli atravè devlopman yon IEP pa mwayen komite ARD a ak aplikasyon IEP a pa mwanyen lekòl la. Sepandan, anvan lekòl la ka bay nenpòt premye sèvis edikasyon espesyalak sèvis ki gen rapò ak li, li dwe jwenn konsantman ou pou sèvis yo. Lekòl la dwe fè efò rezonab pou jwenn konsantman w pou premye fwa yo bay sèvis yo. Si ou pa bay konsantman ou pou premye sèvis yo, lekòl la pa ka mande pou chita pale ak yon twazyèm moun oswa mande yon odyans pou respekte règleman yo pou anile refi ou pou bay konsantman ou pou sèvis yo. Yo pap ba pitit ou a okenn sèvis edikasyon espesyal ak lòt sèvis ki gen rapò ak sa si ou refize bay konsantman ou. Lekòl la pa vyole devwa li pou l rann FAPE disponib pou pitit ou a si ou refize bay konsantman oswa si ou pa reponn a yon demann pou bay konsantman pou premye dispozisyon edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li yo.

Devlopman pwogram edikasyon pèsonalize a (IEP)

Konpozan prensipal IEP a yo gen ladan l:

- Nivo pèfòmans akademik ak fonksyonèl pitit ou a kounye a (**PLAAFP**);
- Objektif anyèl mezirab, ki gen ladan reyalizasyon akademik ak objektif pèfòmans fonksyonèl;
- Yon deskripsyon sou edikasyon espesyal la, sèvis ki gen rapò ak yo, ak èd ak sèvis siplemantè ki pral bay la;
- Enfòmasyon konsènan kijan pitit ou a pral patisipe nan evalyasyon leta ak distri a, ki gen ladan yon deklarasyon sou nenpòt aranjman endividyèl apwopriye ki nesèsè pou pitit ou a pran yon evalyasyon, epi si pitit ou a bezwen pran yon evalyasyon altènatif, olye evalyasyon regilye leta a, epi poukisa evalyasyon altènatif la apwopriye pou pitit ou a;
- Sèvis tranzisyon, lè laj moun nan apwopriye; epi
- Gen lòt domèn yo dwe konsidere, epi si yo jije sa nesèsè, yo dwe adrese domèn sa yo pou timoun ki gen sèten andikap, bezwen oswa sikonsans.

TEA a devlope yon modèl fòm IEP. ([Lien: bit.ly/3smMLMe](https://bit.ly/3smMLMe)). Lekòl pitit ou a ka itilize modèl fòmilè sa a oswa ka itilize yon lòt fòmilè.

Nan devlopman IEP a, gen plizyè bagay komite ARD a dwe konsidere, tankou:

- Fòs pitit ou a;
- Enkyetid ou genyen pou amelyore edikasyon pitit ou a;
- Rezilta dènye evalyasyon pitit ou a; epi
- Bezwen akademik, devlopman, ak fonksyonèl pitit ou a.

Anplis de sa, komite ARD a dwe adrese faktè espesyal pou kèk timoun, nan fason sa a:

- Konsidere itilizasyon entèvansyon konpòtmantal pozitif ak sipò ansanm ak lòt estrateji pou adrese konpòtman sa a lè konpòtman yon timoun anpeche aprantisaj timoun nan oswa aprantisaj lòt moun;
- Konsidere bezwen lang timoun nan jan bezwen sa yo gen rapò ak IEP timoun nan lè timoun nan kalifye kòm bileng k ap devlope; bay enstriksyon an bray ak itilizasyon bray, sof si komite a detèmine enstriksyon an bray oswa itilizasyon bray pa apwopriye pou timoun nan lè timoun nan avèg oswa gen pwoblèm vizyon;
- Konsidere bezwen kominikasyon chak timoun ki andikape, epi pou timoun ki soud oswa ki gen difikilte pou tande a, konsidere bezwen langaj ak kominikasyon timoun nan, opòtinite pou kominikasyon dirèk ak lòt timoun parèy li yo ak pèsònèl pwofesyonèl nan lang ak mòd kominikasyon timoun nan, nivo akademik li, ak tout seri bezwen li yo, ki gen ladan opòtinite pou enstriksyon dirèk nan lang ak mòd kominikasyon timoun nan;
- Konsidere si chak timoun ki gen andikap bezwen aparèy ak sèvis teknoloji asistans; epi
- Adrese konpozan ki nesèsè nan Manyèl Disleksi a, si sa aplikab, pou yon elèv yo idantifye ki gen disleksi epi ki bezwen enstriksyon sou disleksi.

Nivo aktyèl siksè akademik ak pèfòmans fonksyonèl

IEP a dwe gen yon deklarasyon sou PLAAFP pitit ou a. Deklarasyon sa a dwe gen ladan kijan andikap la afekte patisipasyon ak pwogrè nan kourikoulòm jeneral la. Si pitit ou a se yon timoun ki nan lekòl matènèl, deklarasyon an dwe eksplike kijan andikap la afekte patisipasyon nan aktivite ki apwopriye pou laj li.

Objektif anyèl yo

IEP a dwe genyen objektif anyèl mezirab, ki gen ladan objektif akademik ak fonksyonèl, ki fèt pou satisfè bezwen pitit ou a akòz andikap la pou li ka patisipe epi pwogrese nan kourikoulòm jeneral la. Objektif sa yo dwe adrese tou lòt bezwen edikatif ki soti nan andikap pitit ou a. IEP a dwe dekri kijan y ap mezire pwogrè pitit ou a parapò ak objektif anyèl yo, epi tou ki lè y ap ba ou rapò pwogrè yo..

Edikasyon espesyal, ski gen rapò ak edukasyon an, ansanm ak èd ak sèvis siplemantè

Komite ARD a deside ki sèvis ki nesesè pou:

- Pèmèt timoun nan avanse kòmsadwa pou atenn objektif anyèl yo;
- Patisipe epi fè pwogrè nan kourikoulòm jeneral la, ki gen ladan patisipasyon nan aktivite ekstra-skolè ak aktivite ki pa akademik; epi
- Rete edike epi patisipe ak timoun ki pa andikape.

IEP a dwe gen ladan l yon deklarasyon sou edukasyon espesyal ki nesesè, sèvis ki gen rapò ak sa, ak èd ak sèvis siplemantè yo dwe bay pitit ou a oswa nan non pitit ou a. Sèvis sa yo dwe baze sou rechèch revize lòt chèchè fè nan limit ki posib.

Anplis de sa, IEP a dwe gen yon deklarasyon sou nenpòt modifikasyon pwogram ki nesesè ak sipò pou pèsonèl lekòl la yo ap bay. IEP a dwe gen ladan l tou dat yo prevwa pou sèvis ak modifikasyon yo kòmanse, ansanm ak frekans, kote ak dire sèvis ak modifikasyon yo prevwa.

Evalyasyon Eta

Dapre lalwa federal la, yo dwe bay tout timoun evalyasyon leta pou detèmine si lekòl yo reyisi nan anseye timoun yo nòm kontni akademik leta yo. Nan Tegzas, yo rekonèt standa kontni akademik yo kòm Konesans ak Konpetans Esansyèl nan Tekzas (Texas Essential Knowledge and Skills), ou ka jwenn li sou sit wèb TEA a ([Lyen: bit.ly/3bFeuSk](https://bit.ly/3bFeuSk)). Timoun ki andikape ki resevwa sèvis edukasyon espesyal ap resevwa evalyasyon leta ki apwopriye yo, swa evalyasyon regilye a oswa yon evalyasyon altènatif pou timoun ki gen andikap pou aprann ki pi grav yo ki gen yon lyen ak estanda reyalyasyon akademik altènatif yo. Kit pitit ou a pran evalyasyon regilye a oswa yon evalyasyon altènatif, evalyasyon an gen yon lyen ak estanda kontni akademik leta a ki mande anpil efò, epi pitit ou a dwe resevwa aranjman apwopriye nan evalyasyon leta ak distri a, si sa nesesè, jan sa endike nan IEP pitit ou a.

Si komite ARD a detèmine gen aranjman ki nesesè pou pitit ou a patisipe nan evalyasyon yo, IEP a dwe gen yon deklarasyon sou aranjman ki apwopriye yo. Enfòmasyon sou lojman sou sit wèb TEA a ([Lyen: bit.ly/3sq2vht](https://bit.ly/3sq2vht)).

Si komite ARD a detèmine ke pitit ou a dwe pran yon evalyasyon altènatif olye de yon evalyasyon patikilye nan tout eta a oswa nan tout distri a, IEP a dwe gen ladan yon deklarasyon sou rezon ki fè timoun nan pa ka patisipe nan evalyasyon regilye a, epi poukisa evalyasyon altènatif yo chwazi a apwopriye pou timoun nan. Fòm patisipasyon nan evalyasyon altènatif ke TEA a devlope a ta dwe gen ladan kòm yon pati nan IEP pitit ou a nan ka sa a. Anplis de sa, si pitit ou a ap pran evalyasyon altènatif, IEP pitit ou a dwe gen ladan l tou pwèn referans oswa objektif kout tèm. Se sèlman pou elèv ki gen andikap kognitif ki pi enpòtan yo ki bezwen pwèn referans oswa objektif kout tèm k ap pran yon evalyasyon altènatif ki lye ak lòt standa reyalyasyon akademik.

Tranzisyon

IDEA ak lalwa leta a egzije pou IEP pou elèv ki pi gran yo fè sèvis tranzisyon yo. *Sèvis tranzisyon yo* se yon seri aktivite kowòdone ki fèt pou ede timoun nan soti lekòl pou ale nan aktivite apre lekòl. Sepandan, laj pou kòmanse planifikasyon tranzisyon an diferan selon lalwa federal ak lalwa leta a. Se poutèt sa, règleman komisè yo anba 19 TAC §89.1055 egzije pou sèvis tranzisyon federal ak leta yo kòmanse pa pita pase premye IEP ki an vigè lè yon elèv gen 14 an. Kidonk, pa pita pase premye IEP ki an vigè a lè yon elèv gen 14 an, komite ARD a dwe konsidere epi, si sa apwopriye, adrese pwoblèm sa yo nan IEP a:

- (1) Patisipasyon apwopriye elèv la nan tranzisyon li nan lavi deyò sistèm lekòl piblik la;
- (2) Patisipasyon apwopriye nan tranzisyon elèv la pa mwayen paran elèv la ak lòt moun ki envite pou patisipe pa mwayen:
 - a. Paran elèv la; oubyen
 - b. Distri lekòl kote elèv la enskri a;
- (3) Opsyon edikasyon apre lekòl segondè ki apwopriye, ki gen ladan preparasyon pou kou nivo post-segondè;
- (4) Yon evalyasyon pwofesyonèl fonksyonèl ki apwopriye;
- (5) Sikonsans apwopriye pou fasilite oryantasyon yon elèv oswa paran elèv la ak yon ajans gouvènman pou sèvis oswa benefis piblik, sa gen ladan l yon oryantasyon ak yon ajans gouvènman pou mete elèv la sou yon lis datant pou avantaj piblik ki disponib pou elèv la; epi
- (6) Itilizasyon ak disponiblite bagay ki apwopriye:
 - a. Èd siplemantè, sèvis, kourikoulòm, ak lòt opòtinite pou ede elèv la devlope ladrès pou pran desizyon; epi
 - b. Sipò ak sèvis pou ankouraje endepandans ak detèminasyon elèv la, tankou yon akò pou pran desizyon avèk sipò.

Apati premye IEP ki an vigè a lè elèv la gen 14 an, oubyen pi jèn si komite ARD a jije sa apwopriye, IEP a dwe gen ladan l:

1. Objektif apre lekòl segondè ki mezire epi ki apwopriye, ki baze sou evalyasyon tranzisyon ki apwopriye pou laj moun, ki gen rapò ak fòmasyon, edikasyon, travay, epi, kote sa apwopriye, konpetans pou yon moun viv poukont li; epi
2. Sèvis tranzisyon yo, ki gen ladan kou etid yo, ki nesèsè pou ede elèv la atenn objektif apre lekòl segondè li yo.

Apati premye IEP ki an vigè lè elèv la gen 18 an, komite ARD a dwe konsidere epi, si sa apwopriye, adrese sijè ki vin apre yo nan IEP elèv la:

1. Patisipasyon paran elèv la ak lòt moun nan tranzisyon ak avni elèv la, si paran an oswa lòt moun nan:
 - a. Envite pou patisipe e se elèv la ki envite l oswa distri lekòl kote elèv la enskri a ki envite l patisipe; oubyen
 - b. Li gen konsantman elèv la pou patisipe selon yon akò pou pran desizyon; epi
2. Disponibilite anviwònman enstriksyonèl ki apwopriye pou laj elèv la, tankou anviwònman kominotè oswa anviwònman ki prepare elèv la pou edikasyon oswa fòmasyon apre segondè, travay entegre konpetitif, oswa lavi endepandan, an kowòdinasyon ak objektif tranzisyon elèv la.

Pitit ou a ta dwe patisipe nan reyinyon komite ARD a lè y ap diskite sou sèvis tranzisyon yo ak objektif apre lekòl segondè. Si pitit ou a pa patisipe nan reyinyon an, komite ARD a dwe pran lòt mezi pou asire ke yo pran an konsiderasyon preferans ak enterè pitit ou a. Si pitit ou a gen mwens pase 18 an men li gen omwen 14 an, komite ARD a dwe konsidere patisipasyon w nan tranzisyon elèv la oubyen patisipasyon yon lòt moun ke ou menm ak lekòl la te envite.. Anplis de sa, nan limit ki apwopriye a, avèk konsantman alekri ou oswa konsantman alekri elèv adilt la, lekòl la dwe envite yon reprezantan nenpòt ajans patisipan ki gen chans pou responsab pou bay oswa peye pou sèvis tranzisyon yo.

Elèv adilt

Lè pitit ou a rive nan laj 18 an, li vin tounen yon *elèv adilt*. Elèv adilt yo gen dwa pran desizyon pou pwòp tèt yo sof si lalwa jije yo enkonpetan. Nan reyinyon komite ARD a ki fèt omwen yon ane anvan pitit ou a gen 18 an, pitit ou a ap aprann dwa pou pran desizyon sou edikasyon l ap transfere soti nan men paran l pou vin jwenn li. IEP pitit ou a dwe gen ladan l yon deklarasyon pou verifye ke paran an ak pitit la te enfòm sou transfè dwa yo. Li dwe gen ladan l tou yon deklarasyon ki dekri enfòmasyon ak resous yo pataje sou responsab legal, altènativ pou responsab legal, ak enfòmasyon yo pataje sou lòt sipò ak sèvis ki fèt pou ede moun nan viv poukont li.

“Anplis de sa, lè dwa w yo transfere bay elèv ou a ki vin adilt, ou menm ak elèv adilt ou a ap resevwa tout avi obligatwa ki nesèsè alavni. Kidonk, avi reyinyon komite ARD yo pa yon envitasyon pou ou patisipe nan reyinyon yo. Ou ka sèlman patisipe nan reyinyon yo si elèv granmoun ou an envite w oswa si li bay lekòl la pèmisyon pou envite w.

Timoun ki genotis

Pou yon timoun ki gen otis, gen 11 estrateji, an akò ak 19 TAC §89.1055(g), yo dwe konsidere omwen chak ane, ki baze sou pratik pwogram edikatif revize pa lòt timoun, ki baze sou rechèch, nan limit ki posib. Lè sa nesèsè, yo dwe adrese strateji sa yo nan IEP a. Lè li pa nesèsè, IEP a dwe gen ladan l yon deklarasyon ki di sa epi sou ki baz yo te pran desizyon an. Lòt strateji komite ARD a dwe konsidere yo se:

- Pwogram edikasyon pwolonje;
- Orè chak jou ki reflekte yon minimòm tan san strikti ak angajman aktif nan aktivite aprantisaj yo;
- Fòmasyon lakay ak nan kominote a, oubyen lòt altènativ ki solid;
- Strateji sipò konpòtman pozitif;
- Planifikasyon avni;
- Fòmasyon ak sipò pou paran/fanmi;
- Pwopòsyon anplwaye-timoun ki apwopriye pou aktivite yo idantifye yo;
- Entèvansyon kominikasyon;
- Sipò ak strateji pou ladrès sosyal;
- Sipò pou edikatè pwofesyonèl/anplwaye yo; epi
- Estrateji ansèyman ki baze sou pratik revize lòt ekspè fè, ak pratik ki baze sou rechèch.

Timoun ki soud oswa ki gen pwoblèm pou tande

Pou yon timoun ki soud oswa ki gen pwoblèm pou tande, komite ARD a dwe konsidere:

- Bezwen lang ak kominikasyon;
- Tout bezwen timoun nan, ki gen ladan opòtinite pou enstriksyon dirèk nan lang ak mòd kominikasyon timoun nan.
- Nivo akademik; epi
- Tout bezwen timoun nan, ki gen ladan opòtinite pou enstriksyon dirèk nan lang ak mòd kominikasyon timoun nan.

Timoun ki avèg oswa ki gen pwoblèm vizyon

Daprè lwa eta a, pou yon timoun ki avèg oswa ki gen pwoblèm vizyon, komite ARD a dwe mete nan IEP timoun nan enstriksyon an bray ak itilizasyon bray sof si komite ARD a detèmine epi fè konnen bray pa yon mwayen alfabetizasyon ki apwopriye pou timoun nan. Desizyon komite ARD a dwe baze sou yon evalyasyon sou konpetans alfabetizasyon timoun nan an medya ak alfabetizasyon, ansanm ak bezwen edikasyon timoun nan gen kounye a ak nan lavni.

Dapre lalwa leta a, pou yon timoun ki avèg oswa ki gen pwoblèm vizyon, komite ARD a dwe konsidere bezwen timoun nan pou:

- Konpetans ki ede elèv yo aprann, tankou bray ak devlopman konsèp, ansanm ak lòt kapasite yo bezwen pou konprann rès travay lekòl la.;
- Aprann ki kote pou l oryante l epi ki jan pou l deplase;
- Aprann relasyon ak moun;
- Planifye karyè;
- Èd nan teknoloji, ki gen ladan aparèy pou je;
- Aprann viv endepandan;
- Lwazi ak plezi;
- Detèminasyon; ak
- Efikasite sou fason pou l sèvi ak sans li yo.

Plan Amelyorasyon konpòtman oswa entèvansyon (BIP)

Si komite ARD a detèmine yon plan amelyorasyon konpòtman oswa yon plan entèvansyon konpòtman (BIP) apwopriye pou pitit ou a, plan sa a dwe entegre kòm yon pati nan IEP pitit ou a epi yo dwe bay li ak chak pwofesè ki responsab pou edike pitit ou a.

Sèvis pou ane lekòl pwolonje (ESY)

Komite ARD a dwe konsidere si pitit ou a kalifye pou sèvis ESY yo lè y ap fè revizyon anyèl IEP pitit ou a. Bezwen pou sèvis ESY yo dwe dokimante lè l sèvi avèk done ou menm ansanm ak distri a genyen atravè evalyasyon fòmèl ak enfòmèl. Pitit ou a kalifye pou sèvis ESY si, nan youn oswa plizyè domèn enpòtan ki adrese nan objektif aktyèl IEP pitit ou a kote timoun nan te deja montre pwogrès, li te montre, oubyen li ka espere montre nan fason rezonab, yon regresyon grav oswa sibstansyèl ki pa ka reprann nan yon peryòd tan rezonab. Tèm *regresyon grav oswa sibstansyèl* vle di timoun nan pa t kapab, oswa pap kapab, kenbe pwogrès li te fè deja nan youn oswa plizyè domèn IEP kritik san sèvis ESY.

Si komite ARD a detèmine pitit ou a bezwen sèvis ESY, IEP a dwe idantifye ki domèn ki pral adrese pandan sèvis ESY yo. Komite ARD a oblije diskite sou bezwen pou sèvis ESY nan reyinyon revizyon IEP anyèl timoun nan.

Plasman

IDEA egzije pou yon timoun ki andikape resevwa edikasyon nan *anviwònman ki mwens restriksyon posib la*. Sa vle di pitit ou a dwe resevwa edikasyon otank posib avèk timoun ki pa andikape. Yo ka retire pitit ou a nan anviwònman edikasyon jeneral la sèlman si nati oswa gravite andikap li a tèlman grav ke edikasyon li nan klas edikasyon jeneral avèk itilizasyon èd ak sèvis siplemantè pa ka reyalize yon fason satisfèzan.

Èd ak sèvis siplemantè vle di èd, sèvis ak lòt sipò yo bay nan klas edikasyon jeneral, lòt anviwònman ki gen rapò ak edikasyon, ak nan anviwònman ekstraskolè ak ki pa akademik, pou pèmèt timoun ki andikape yo resevwa edikasyon avèk timoun ki pa andikape nan maksimòm mezi ki apwopriye.

Yon pati esansyèl nan pwosesis edikasyon espesyal la enplike detèmine plasman edikatif ki apwopriye pou aplike IEP yon timoun. Plasman vle di diferan kote yo ka eseye mete timoun nan (sa vle di, klas edikasyon jeneral, klas espesyal, lekòl espesyal, enstriksyon lakay, enstriksyon nan lopital ak enstitisyon) ki disponib pou yon timoun ki andikape. Plasman pa gen rapò ak diferan kote fizik byen presi oswa kote yo bay sèvis yo. Komite ARD a detèmine nivo edikatif timoun nan dapre IEP timoun nan.

Desizyon Komite ARD a

Si sa posib, komite ARD a dwe pran yon desizyon konsènan eleman obligatwa nan IEP a ak yon akò ant manm komite a. Yo rele akò ant manm yo konsansis. Komite ARD a ta dwe travay pou rive nan yon konsansis, men lekòl la gen responsablite final pou asire ke IEP a gen ladan sèvis pitit ou a bezwen pou l ka resevwa FAPE. Li pa otorize pou pran desizyon komite ARD a sou baz majorite vòt. IEP a dwe endike si ou menm ak administratè a dakò oswa pa dakò ak desizyon komite ARD a.

Si ou pa dakò ak desizyon komite ARD a, y ap ba ou yon sèl posiblite pou komite a pran yon poz pou yon peryòd ki pa depase 10 jou lekòl sof si ou menm ak lekòl la dakò otreman. Si ou aksepte òf pou pran poz la epi reyini ankò, komite ARD a dwe pwograme lòt reyinyon an nan yon lè ak yon kote yo tout dakò. Sepandan, si prezans pitit ou a sou kanpis la prezante yon danje fizik pou pitit ou a oswa lòt moun, oswa si pitit ou a komèt yon ofans ki ka fè yo mete l deyò oswa yon ofans ki ka fè yo mete l nan yon pwogram edikasyon altènativ disiplinè, komite ARD a pa oblije pran yon poz epi reyini ankò menm si ou pa dakò ak desizyon komite ARD a.

Pandan yon poz, manm komite ARD yo dwe konsidere altènativ, rasanble plis enfòmasyon, prepare plis dokiman, epi/oswa jwenn lòt moun ki ka ede komite ARD a rive nan yon akò kote yo dakò. Si komite ARD a reyini ankò epi ou kontinye pa dakò, sof si dezakò a konsène premye dispozisyon sèvis ki mande konsantman, lekòl la dwe aplike IEP lekòl la decide ki apwopriye pou pitit ou a.

Lè pa gen yon akò, yo dwe mete yon deklarasyon alekri nan IEP a sou rezon dezakò a. Si ou pa dakò ak yon desizyon komite ARD a, yo dwe ba ou posiblite pou ekri pwòp deklarasyon ki montre ou pa dakò. Lekòl la dwe ba ou yon avi alekri omwen senk jou lekòl anvan aplikasyon IEP a sof si ou dakò pou yon delè ki pi kout.

Komite ARD a kapab decide pran yon poz oswa ranvwaye reyinyon an tou pou lòt rezon ki pa sèlman lè yo pa rive jwenn yon antant sou tout eleman obligatwa yo nan IEP a.

Kopi IEP a

Lekòl la dwe ba ou yon kopi IEP pitit ou a gratis. Selon 19 TAC §89.1055(r), si ou pa ka pale anglè epi lang matènèl ou se panyòl, lekòl la dwe bay yon kopi ekri oswa yon anrejistreman odyo IEP pitit ou a tradui an panyòl. Si ou pa

pale anglè epi lang matènèl ou se yon lòt lang apa panyòl, lekòl la dwe fè yon efò ki montre bon volonte pou bay yon kopi ekri oswa yon anrejistreman odyo IEP pitit ou a ki tradui nan lang matènèl ou. Si ou pa pale anglè epi lang matènèl ou a pa yon lang ekri, lekòl la dwe pran mezi pou asire ke yo tradui IEP pitit ou a oralman oswa pa lòt mwayen nan lang matènèl ou. Yon tradiksyon ekri vle di ke tout tèks ki nan IEP pitit ou a tradui alekri. Lekòl la ka ba ou yon anrejistreman odyo reyinyon komite ARD la si ou te gen èd yon entèprèt, oswa yon tradiksyon reyinyon an, akondisyon tout sa ki nan IEP pitit ou tradui oralman epi anrejistre.

Lekòl la dwe pran tout aksyon rezonab ki nesesè pou asire ke yon paran konprann sa ki te di nan reyinyon komite ARD a, tankou fè aranjman pou yon entèprèt pou paran ki soud oswa ki gen pwoblèm pou tandè oswa ki gen yon lòt lang matènèl apa anglè.

Revizyon IEP a

Komite ARD a ka reyini omwen yon fwa chak ane pou revize IEP pitit ou a epi gade si objektif ane a atenn. Komite ARD a ka reyini pi souvan olye de yon fwa chak ane pou revize IEP pitit ou a, jan sa apwopriye, pou pale sou:

- Nenpòt mank pwogrè yo te espere nan direksyon objektif anyèl yo ak nan kourikoulòm jeneral la;
- Rezilta nenpòt re-evalyasyon;
- Enfòmasyon sou timoun nan paran yo bay;
- Bezwen antisipe timoun nan; oubyen
- Lòt sijè.

Ou ka mande yon reyinyon komite ARD pou diskite sou enkyetid nan domèn edikasyon pitit ou a. Lekòl la dwe swa aksepte demann ou fè alekri pou fè yon reyinyon, oswa, nan senk jou lekòl, ba ou yon avi alekri ki eksplike poukisa lekòl la refize òganize yon reyinyon. Si ou pa pale anglè, lekòl la dwe ba ou avi a nan lang manman w sof si li vrèman pa posib pou fè sa. Si lang matènèl ou a pa yon lang ekri, lekòl la dwe pran mezi pou asire ke avi a tradui oralman oswa pa lòt mwayen pou ou ka konprann avi a.

Ou menm ak lekòl la ka dakò pou fè chanjman nan IEP a san òganize yon reyinyon komite ARD. Sepandan, chanjman nan detèminasyon kalifikasyon, chanjman nan plasman, ak detèminasyon manifestasyon yo dwe fèt nan yon reyinyon komite ARD. Si yo chanje yon IEP san se pa nan yon reyinyon komite ARD a fè, dwe gen yon dokiman alekri ki reflekte chanjman yo te dakò fè yo. Sou demann, lekòl la dwe ba ou yon kopi IEP revize a ak amannman yo ladan l. Anplis de sa, lekòl la dwe asire ke komite ARD timoun nan enfòme sou chanjman sa yo.

Re-evalyasyon

Lè pitit ou a kòmanse resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li, li nesesè pou fè re-evalyasyon peryodik. Lekòl la dwe fè efò rezonab pou jwenn konsantman w pou yon re-evalyasyon. Si ou pa reponn malgre tout efò rezonab sa yo fè, lekòl la ka fè yon re-evalyasyon san konsantman ou. Si ou refize konsantman pou re-evalyasyon pitit ou a, lekòl la ka, men li pa oblije, mande yon chita pale ak yon twazyèm moun oswa mande yon odyans pou pwosesis legal la pou inyore konsantman w pa bay pou re-evalyasyon an. Lekòl la pa vyole devwa li gen anvè timoun nan oswa obligasyon li pou evalye pitit ou a si lekòl la pa chèche pase sou refi w pou bay konsantman w pou re-evalyasyon an.

Yon re-evalyasyon sanble ak premye evalyasyon an. Re-evalyasyon an dwe ase konplè pou detèmine si pitit ou a kontinye rete yon timoun ki andikape ak bezwen edikasyon pitit ou a. Sof si ou menm ak lekòl la dakò yon lòt bagay, yo dwe fè yon re-evalyasyon sou bezwen pitit ou a genyen omwen chak twazan. Pa gen dwa fè plis pase yon re-evalyasyon nan yon ane sof si ou menm ak lekòl la dakò.

Yon revizyon done evalyasyon ki deja egziste yo (**REED**) dwe fèt nan kad yon premye evalyasyon, si sa apwopriye, epi yon REED dwe fèt nan kad nenpòt re-evalyasyon yon timoun selon lwa IDEA. Yon lekòl pa oblije jwenn konsantman w pou revize done evalyasyon ki deja egziste yo. Ekip miltidisiplinè a dwe fè REED a si se yon premye evalyasyon, oubyen komite ARD a ap fè l si se yon re-evalyasyon, sa gen ladan l ou, men li pa oblije fèt nan yon reyinyon. Manm yo dwe revize done evalyasyon ki deja egziste sou pitit ou a, tankou enfòmasyon ou bay yo, pou detèmine dimansyon evalyasyon an oswa re-evalyasyon an.

Si pitit ou a deja ap resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li, komite ARD a deside ki evalyasyon anplis, si genyen, ki nesesè pou detèmine si y ap ajoute oswa modifikasyon nan edikasyon espesyal pitit ou a ak sèvis ki gen rapò ak li yo.

Si komite ARD a deside yon evalyasyon anplis pa nesesè pou detèmine si pitit ou a kontinye bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li, yo dwe eksplike w rezon ki fè yo pran desizyon sa a. Apre yo fin eksplike rezon ki fè komite ARD a konkli done evalyasyon ki egziste yo sifizan, lekòl la pa oblije fè yon nouvo evalyasyon pou konplete yon re-evalyasyon obligatwa sof si ou mande lekòl la pou fè sa.

Evalyasyon edikatif endepandan (IEE)

Si ou pa dakò ak yon evalyasyon oswa yon re-evalyasyon lekòl la fè, ou ka mande yon IEE sou kont lekòl la. Lekòl la dwe ba ou enfòmasyon sou kote pou w jwenn yon IEE epi li dwe ba ou yon kopi kritè lekòl la pou jwenn yon IEE. IEE a dwe satisfè kritè lekòl la. Si ou mande yon IEE, lekòl la dwe, san pèdi tan, swa peye pou IEE a oswa mande yon odyans pou pwosesis legal la pou montre ke evalyasyon li an apwopriye. Ou gen dwa ak yon sèl IEE sou depans piblik chak fwa lekòl la fè yon evalyasyon. Si lekòl la mande yon odyans epi ofisye odyans lan deside ke evalyasyon lekòl la apwopriye, ou toujou gen dwa ak yon IEE, men se pa sou depans lekòl la. Komite ARD a dwe konsidere enfòmasyon yo jwenn nan yon IEE ki satisfè kritè lekòl la anrapò ak dispozisyon yon FAPE, kit lekòl la peye pou IEE a kit li pa peye.

Revokasyon konsantman pou sèvis yo

Menm jan ou gen otorite pou bay konsantman ou pou premye edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li yo, ou gen otorite pou anile konsantman w pou sèvis yo. Revokasyon konsantman ou an dwe fèt alekri. Yon fwa lekòl la resevwa revokasyon ou an alekri, li dwe onore desizyon w lan. Sepandan, anvan lekòl la sispann sèvis yo, li dwe ba ou yon avi alekri alavans ke sèvis yo ap sispann. Malgre lekòl la dwe sispann sèvis yo, lekòl la pa oblije modifiye dosye edikasyon pitit ou a pou retire nenpòt referans ak edikasyon espesyal pitit ou a ak sèvis ki gen rapò ak sa, li te jwenn deja.

Si ou revoke konsantman w pou yo kontinye ba ou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li yo, pitit ou a p ap gen dwa a okenn pwoteksyon ki prevwa selon lwa IDEA a. Anplis, si ou revoke konsantman ou pou sèvis yo, lekòl la pa ka mande pa ka mande chita pale ak yon twazyèm moun, oswa yon odyans pou yon pwosesis legal nan yon tantativ pou chanje oswa konteste desizyon w lan.

Gradyasyon

Youn nan objektif sistèm edikasyon piblik nan Teksas se pou tout elèv rete lekòl jiskaske yo jwenn yon diplòm lekòl segondè. Elèv yo dwe satisfè sèten standa pou yo ka gradye ak yon diplòm regilye lekòl segondè. Pou yon timoun k ap resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li, lekòl la dwe swiv sèten pwosedi lè y ap prepare pou gradye yon elèv oswa pou mete fen nan edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak elèv la poutèt elèv la pa satisfè kondisyon kalifikasyon laj yo ankò. Anplis de sa, komite ARD a jwe yon wòl enpòtan nan kèk desizyon ki gen rapò ak gradyasyon.

Selon lwa IDEA, edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak sa yo dwe disponib pou yon timoun oswa yon elèv majè ki kalifye jiskaske li gradye oswa li depase laj kalifikasyon pou yon edikasyon piblik gratis ki apwopriye anba lalwa leta a, ki se 21 an nan Texas oswa jiskaske elèv la gen 22 an. Yon elèv ki majè k ap resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li, ki gen 21 an nan dat 1ye septanm nan yon ane lekòl, kalifye pou sèvis yo jiska fen ane lekòl sa a oswa jiskaske li gradye ak yon diplòm lekòl segondè si li satisfè nòm kourikoulòm yo ak egzijans kredi ki aplikab pou elèv nan edikasyon jeneral, kèlkeswa sa ki rive an premye.

Lè kalifikasyon pitit ou a oswa elèv adilt ou a pou edikasyon espesyal la ap fini akòz gradyasyon ak yon diplòm lekòl segondè oswa akòz li depase laj kalifikasyon pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li, lekòl la dwe ba ou yon avi alekri alavans pou fen sèvis yo. Anplis de sa, lekòl la dwe bay timoun nan oswa elèv ki majè a yon rezime sou reyalizasyon akademik li ak pèfòmans fonksyonèl li, ki dwe gen ladan rekòmandasyon sou kijan pou ede timoun nan oswa elèv ki manje a atenn objektif li nan etid apre lekòl segondè.

Yon elèv timoun oswa ki majè ki resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak sa ka gradye epi resevwa yon diplòm lekòl segondè lè li satisfè menm standa kourikoulòm ak egzijans kredi ki aplikab pou elèv ki nan edikasyon jeneral, epi tou lè li reyisi evalyasyon leta obligatwa yo (ki ka gen ladan sitiyasyon kote elèv la te eseye men li pa t reyisi reyalize yon pèfòmans satisfèzan nan pa plis pase de nan evalyasyon leta obligatwa yo).

Tout elèv ki gradye ki te kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak sa, epi ki pa kalifye poutèt yo resevwa yon diplòm lekòl segondè, dwe resevwa yon rezime sou reyalizasyon akademik ak pèfòmans fonksyonèl yo. Rezime sa a dwe pran an kont, jan sa apwopriye, opinyon paran an ak elèv la ansanm ak rekòmandasyon alekri ki soti nan ajans sèvis pou elèv ki majè sou kijan pou ede elèv la atenn objektif apre lekòl segondè. Pou kèk elèv, rezime a dwe gen ladan yon evalyasyon elèv la.

Yon timoun oswa yon elèv granmoun ki satisfè kondisyon pou gradye ann akò ak 19 TAC 89.1070(b)(2) oswa (b)(3)(A), (B), oswa (C) epi ki gen mwens pase 22 an toujou gen dwa pou jwenn edikasyon piblik gratis ki apwopriye

selon lwa IDEA. Nan sèten sikonstans, timoun nan ka retounen lekòl epi resevwa sèvis jiska fen ane lekòl la kote li vin gen 22 an. Si pitit ou a ap chèche retounen apre li fin satisfè kondisyon pou gradyasyon an epi li fin resevwa yon diplòm, komite ARD a dwe detèmine sèvis edikatif ki nesesè yo.

Disiplin

Gen règ spesyal ki aplike pou aksyon disiplinè yo pran kont yon timoun ki andikape. Jeneralman, yo pa ka retire yon timoun ki andikape nan plasman edikatif aktyèl li a pou plis pase 10 jou lekòl youn apre lòt si move konduit la gen rapò ak andikap li a. Anplis de sa, sèten sitiyasyon disiplinè ki rive anrapò ak yon elèv ki gen andikap deklannche yon egzijans pou òganize yon reyinyon komite ARD.

Ranvwa ki dire yon tan ki kout

Responsab lekòl yo ka retire pitit ou a nan plasman edikatif li ye kounye a si pitit ou a vyole kòd konduit elèv yo. Sispanasyon sa a kapab fèt nan yon etablisman edikatif pwovizwa ki apwopriye (**IAES**), yon lòt etablisman, oubyen yon sispanasyon pou yon peryòd ki pa depase 10 jou lekòl youn apre lòt nan limit mezi disiplinè a aplike pou timoun ki pa gen andikap, epi pou sispanasyon adisyonèl ki pa depase 10 jou lekòl youn apre lòt nan menm ane lekòl la, pou ensidan move konduit ki diferan, depi sispanasyon sa yo pa reprezante yon chanjman nan plasman. Yo souvan rele sa *règ 10 jou a*.

Sispanasyon disiplinè pou 10 jou lekòl youn apre lòt oswa mwens pa yon obligasyon pou fè yon reyinyon komite ARD, sof si sispanasyon an lakòz yon chanjman nan plasman elèv la. Distri lekòl la pa bay sèvis pou yon timoun ki andikape oubyen yon timoun ki pa andikape ki te retire nan plasman aktyèl li a pou 10 jou lekòl oubyen mwens nan ane lekòl sa a.

Ranvwa elèv la plizyè fwa ki rive fè 10 jou oswa plis an total

Responsab lekòl yo ka bay lòd pou lòt ranvwa pou yon ti tan nan menm ane lekòl la pou ensidan move konduit ki pa menm, depi ranvwa sa yo pa lakòz yon chanjman plasman. Apre yo fin retire pitit ou a pou 10 jou lekòl konpile nan menm ane lekòl la, si ranvwa aktyèl la pa pou plis pase 10 jou lekòl youn apre lòt epi li pa yon chanjman plasman, lekòl la dwe bay sèvis pou pèmèt pitit ou a kontinye patisipe nan kourikoulòm edikasyon jeneral la, byenke se nan yon lòt etablisman, epi pou l pwogrese pou l atenn objektif ki tabli nan IEP pitit ou a. Pèsonèl lekòl la dwe konsilte avèk omwen youn nan pwofesè pitit ou a pou deside ki sèvis ki nesesè. Remake byen ke IDEA egzije nan 34 CFR §300.530(d)(5) pou komite ARD a detèmine sèvis ki apwopriye yo si ranvwaye elèv la se yon chanjman nan plasman.

Chanjman plasman

Retire yon timoun ki andikape nan plasman edikatif aktyèl li a se yon *chanjman plasman* si ranvwa a dire plis pase 10 jou lekòl youn apre lòt, oubyen si timoun nan te gen yon seri ranvwa ki vin yon abitud. Yo ranvwaye elèv la lè bagay ki vin annapre yo rive:

- Ranvwa total la depase 10 jou lekòl nan menm ane lekòl la;
- Konpòtman timoun nan sanble anpil ak konpòtman li te genyen nan ensidan ki sot pase yo ki te lakòz seri ranvwa yo; epi
- Gen lòt faktè tankou dire yo te ranvwaye timoun nan, kantite tan total yo te ranvwaye timoun nan, ak tan ki egziste ant ranvwa yo.

Lekòl la ap detèmine ka pa ka si kantite ranvwa yo egzije yon chanjman plasman. Ou ka konteste desizyon lekòl la,

konsènan si te gen yon modèl ranvwa, pa mwayen yon odyans ak pwosedi jidisyè.

Si lekòl la pwopoze yon ranvwa ki pral lakòz yon chanjman plasman, responsab lekòl yo dwe fè w konnen alavans konsènan desizyon sa a epi ba w yon kopi *Avi sou Pwosedi Sekirite* yo ([Lien: fw.escapps.net](http://fw.escapps.net)). Sa dwe fèt nan dat yo pran desizyon pou chanje plasman timoun nan. Anplis de sa, lekòl la dwe òganize yon reyinyon komite ARD pou fè sa yo rele yon detèminasyon manifestasyon. Reyinyon detèminasyon manifestasyon an dwe fèt nan 10 jou lekòl apati dat yo pran desizyon pou chanje plasman timoun nan.

Detèminasyon manifestasyon an

Lè komite ARD a ap fè yon detèminasyon *manifestasyon*, li dwe revize tout enfòmasyon enpòtan ki nan dosye pitit ou a, tankou IEP a, nenpòt obsèvasyon pwofesè a, ak nenpòt enfòmasyon enpòtan ou bay pou detèmine:

- Si konduit an kesyon an te koze pa, oswa te gen yon relasyon dirèk epi enpòtan ak, andikap pitit ou a; oubyen
- Si konduit an kesyon an se gen rapò dirèk ak echèk lekòl la nan aplike IEP a.

Si komite ARD a wè gen youn nan kondisyon sa yo ki ranpli, donk konpòtman timoun nan te genyen se akòz adikap li a Si komite ARD a detèmine ke ni youn ni lòt kondisyon pa satisfè, konduit la pa gen rapò ak andikap timoun nan.

Lè Konduit la se yon Manifestasyon

Si konduit la se yon manifestasyon andikap pitit ou a, komite ARD a dwe:

- Fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl (**FBA**), sof si lekòl la te fè yon FBA anvan konpòtman ki te lakòz chanjman plasman an te rive, epi aplike yon BIP; oubyen
- Si gen yon BIP an plas, revize BIP la epi modifye li jan sa nesèsè pou adrese konpòtman an.

Anplis de sa, komite ARD a dwe retounen pitit ou a nan plasman kote yo te retire pitit ou a sof si:

- Ou menm ak lekòl la dakò pou yon chanjman plasman kòm yon pati nan modifikasyon BIP pitit ou a; oubyen
- Vyolasyon pitit ou a kont kòd konduit elèv la gen ladan youn nan sikonstans espesyal ki dekri anba a.

Si komite ARD a konkli konduit pitit ou a te koze pa echèk lekòl la pou aplike IEP a, lekòl la dwe pran mezi imedyatman pou korije mank yo.

Lè Konduit la pa yon Manifestasyon

Si konduit la pa t yon manifestasyon andikap pitit ou a, pèsònèl lekòl la ka sanksyone pitit ou a menm jan ak lòt timoun yo, sof si sèvis edikatif apwopriye yo dwe kontinye. Komite ARD timoun nan ap detèmine IAES kote timoun nan pral resevwa sèvis la.

Sikonstans espesyal

Anplwaye lekòl la ka retire pitit ou a nan yon IAES pou yon maksimòm 45 jou lekòl san konsidere si konpòtman an se yon manifestasyon andikap li nan ka kote pitit ou a:

- Pote oswa posede yon zam lekòl la, sou teren lekòl la, oswa nan yon aktivite lekòl la;
- Fè espere li posede oswa itilize dwòg ilegal oswa vann oswa mande pou vann yon sibstans kontwole pandan l lekòl la, sou teren lekòl la, oswa nan yon aktivite lekòl la; oubyen
- Li te lakòz yon lòt moun gwo domaj fizik pandan li te lekòl, sou teren lekòl la, oswa nan yon aktivite lekòl la.

Komite ARD a ap detèmine IAES kote timoun nan pral resevwa sèvis la.

Pwoteksyon pou timoun ki poko kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò avè l

Si yo pa detèmine pitit ou a kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li, men li te angaje nan yon konpòtman ki vyole yon kòd konduit elèv yo, pitit ou a gen dwa ak pwoteksyon pwosedi ki nan IDEA a si lekòl la te konnen pitit ou a te yon timoun ki gen yon andikap anvan konpòtman an te rive. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou sijè sa a nan *Avi sou Pwoteksyon Pwosedi yo*. (Lyen: fw.escapps.net).

Odyans pwosesis regilye akselere

Si ou pa dakò ak yon desizyon konsènan plasman nan yon IAES oswa yon detèminasyon manifestasyon, ou ka mande yon odyans akselere pou yon pwosesis legal. Lekòl la ka mande tou yon odyans pou pwosesis legal la si lekòl la vle konteste retou pitit ou a nan lekòl la aprè komite ARD a fin detèmine konduit li te yon manifestasyon andikap li.

Rezoud konfli

Detanzantan, gen diskisyon ki ka leve konsènan idantifikasyon, evalyasyon, plasman edikatif, oswa dispozisyon pou pitit ou ki andikape a resevwa yon FAPE. Si gen dezakò, nou ankouraje w pou w travay ak pèsònèl lekòl la pou rezoud yo lè yo rive. Ou ka mande lekòl la ki opsyon rezolisyon konfli li ofri pou paran yo. TEA a ofri kat opsyon fòmèl pou rezoud dezakò nan edikasyon espesyal: fasilite IEP eta a, sèvis kote gen yon chita pale ki fèt ak yon twazyèm moun, pwosesis rezolisyon plent edikasyon espesyal, ak pwogram odyans pwosesis legal la.

Ou ka jwenn enfòmasyon sou opsyon rezolisyon konfli TEA yo nan *Avi sou Pwoteksyon Pwosedi yo* (Lyen: fw.escapps.net). Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou fason pou rezoud konfli anrapò ak edikasyon espesyal sou sit wèb TEA a (Lyen: bit.ly/3bL6n73).

Asistans anplis

Pou yon lis konplè definisyon akwonim yo ki nan dokiman sa a, vizite sit wèb Kad Legal la (Lyen: bit.ly/3olsKNS).

Kopi dokiman sa a disponib tou nan lòt lang sou sit wèb SPEDTex la (Lyen: bit.ly/3qorCzg).

Ou kapab mande konseye lekòl la yon kopi tou oswa depatman edikasyon espesyal lekòl la.